

**УОДИ РÆСУГЪДДЗИЙНАДÆ ДÆМÆ ЕС – УÆД АМОНДÆЙ ХАЙГИН ДÆ!..**

*СЕНЕКÆ, рагонромаг философ: «Цардæгас æй, беретæн хуарзи ка цæуй е. Цардæгас æй, æхецæн пайда ка 'й, е. Æхе ка баримæхсуй æма цъасæгонди ка ниххæссуй, уомæн ба æ хæдзарæ кири хузæн æй. Сауæнгæ ма æ къæсæри рази мрамор къæйдорбæл ин æ ном уотæ ниффинсæн дæр ес: уомæн, кæци æ адзалæй раздæр рамардæй...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№29 (901) 2023 анзи 5 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


## ДЗИДЗОЙТИ Анатолий:

## «ИСФÆЛДЕСÆГ НИН ЦАРДАМОНДÆН РАВГИТÆ ДÆТТУЙ, АРАЗГÆ БА НÆХЕЦÆЙ ÆЙ!..»



Нæ адæми уодиконд уотæ 'й, æма дзиллити 'хсæн нимад лæги кой ку рацæуй, уæд æнæмæнгæ ин æ муггаг, æ ахили хабæрттæ дæр æримисунцæ, растауйнагæй сæмæ ци фæззонунцæ, уой кой дæр ракæнунцæ. Хумæтæги нæмæ нæ байзадæй нæ фидтæлтæй уæхæн загъд: «Муггаг кадгин лæгтæй федауй!..»

Уогæ кадгин лæгтæ дæр æнай-æнойти нæ фæззиннунцæ. Хуарз тиллæг, дан, айдагъдæр хуарз гъудгонд будури æрзайуй...

* * *

Нимади муггаг адтæнцæ Дзидзойтæ алкæддæр нæ Дигори, уотæ устур æй сæ кадæ абони дæр. Фиццагидæр – ци ахил си рантæстæй, уони лæгдзийнæдтæй. Дзиллитæн берæ хуæрзти ка бацудæй, уонæн сæ еугурей кой ракæнуни равгæ нин нуртæккæ нæййес, фал нæ абони сæрмагондæй зæгъун фæндуй Дзидзойти Дудари фурт Анатолийи туххæй, уой дæр зæрдтагон хабармæ гæсгæ – хуцаубони, 6 августи ибæл æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи. Лæдæрæн æй, берæ кæмæдæрти адæймагæн æ кари æнзти бæрцæ бæрæг кæнун аккаг цаубæл нимад нæ цæунцæ, кадæртæ ба син сæ берæй гъенцъун кæнунцæ... Фал цидæриддæр уа, уæддæр етæ Хуцауи лæвар æнцæ æма гъæуама боз уай, æгайтима дин нæ Исфæлдесæг исаккаг кодта сæ фæццæрун, уæлдайдæр ба ма кæд зæрдрохсдзийнадæй æма æнæнездзийнадæй æнхæст æнцæ... Æма, махмæ гæсгæ, Анатолий ба, æ еци æнзти бæрзондæй æ цардвæндагмæ ку ракæса, уæд гъæуама гъæстаг ма уа. Гъо, адтæй алцидæр – зиндзийнæдтæ дæр, гъезæмæрттæ дæр, зæрдæфхуæрдтитæ дæр, хъонц æма цийнæ дæр... Еузагъдæй, цард цард æй, æма кæрæй-кæронмæ си лигъз нæдтæ некæд некæмæн ма адтæй, фæууй си къаппæкъуппитæ, къæхкъуæрæнтæ дæр. Фал адæймаг уони уоййасæбæл нæ фæимисуй, æ карни æ зæрдифæндон гъуддæгутæ ин ку бантæсуй, уæд. Æма Дзидзойти Анатолийи бон ба æй абони æргомзæрдæй уæддæр æхецæн уотæ зæгъун: «Ци мæ бон адтæй æма мæ равгитæ куд амудтонцæ, уонæмæ гæсгæ царди хабæрттæ аразтон уотæ, цæмæй мин си абони æфсæрмиагæй æма фæсмойнагæй маци уа...»

4-5

**АХСГИАГ ЦАУ**



## ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ БÆРÆГБОН ИСУОДЗÆНÆЙ ЕУГУРАДÆМОН!..

Хъæбæр рагæй кæбæл цудæй дзубанди, еци гъуддаг кæдæй-уæдæй арæзт æрцудæй.

Иристони ахсгиагдæр национ бæрæгбæнтти къæлиндари фæззиндтæй никкидæр ма еу зæрдæбæлдарæн бон. Ирон адæми таурæгъон мадæ – Задæлески Нанай бон нурæй фæстæмæ бæрæггонд цæудзæнæй официалон æгъдауæй.

Уой фæдбæл сæрмагонд Указ бафинста Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Нанай бон бæрæггонд цæудзæнæй сухи мæйи фиццаг сабати.

Укази загъд куд ес, уотемæй аланти историй зингæ бунат ка байахæста æма арф фæд ка ниууагъта, нæ адæми еци еумæйаг таурæгъон мадæ Задæлески Нанай уодуæлдай æскъуæлхтдзийнадæн аргъ кæнгæй, уæдта бийнонти æнгомдзийнадæ федардæр кæнуни сæрбæлтау бæрæгбон нисангонд æрцæуæд официалон æгъдауæй.

Задæлески Нанай алæмæти æскъуæлхтдзийнади туххæй алли рæстæгути финст æрцудæй берæ аллихузон аййевадон уадзимистæ, Дигорон паддзахадон драмон театри ба æвæрд æрцудæй спектакль.

Уадзимистæй кæцидæртæ мухургонд цудæнцæ нæ газети дæр, æма нæ зæрди ес никкидæр ма си ниммухур кæнун нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.



**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Нæ рагфидтæлти фæдзæхститæй: «Ковгæ кæнæ Хуцаумæ, фал си æнæ къохфæллойнæй мæнæуи гага дæр ма агорæ!.. Уотæ бæргæ ’й, фал махæй ба кедæрти кувд фæууй: «Нæ минкъий фæллойнæн нин Хуцау берæ бæркæдтæ раттæд!..»***

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ГЪÆУАЙКÆНУЙНАДÆ



Дам-думтæ парахат кæнунбæл æхцул фæрæзнитæ æрæги фегъосун кодтонцæ, фиццаг августæй фæстæмæ, дан, нуриуæнгæ лæвар ци медицинон лæггæдтæ æнхæстгонд цудæнцæ, уонæй кæцидæртæбæл гъæудзæнæй федун. Еци «хабар» мæнгæ ке ’й, уой туххæй сæрмагондæй игъосун кæнуй Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ. Ведомстви разамонæги агъазгæнæг Алексей Кузнецов куд загъуй, уотемæй медицинон агъази еугур хузтæ дæр – сæ хæццæ æвæстеуатон, уæдта стационарти æма æмбулаторити ке ’нхæст кæнунцæ, еци пъланон агъаз æма хуастæй ефтонгадæ еугурæйдæр уодзæнæнцæ лæвар, паддзахадон зæрдæдаræнти програмæмæ гæсгæ.

## АХУРАДÆ



Ахури нæуæг анзи райдайæнмæ цæттæ кæнунцæ нæ республики ахургæнæндæнттæ. Нуртæккæ бундорон цалцæггонд цæунцæ 40 скъолай. Æдеугурæй ба капиталон æгъдауæй исцалцæг кæндзæнæнцæ 66 скъолай, уой туххæй уагъд æрцудæй 4 миллиард сомей бæрцæ. Иннæ анз дæр еци куст идарддæр æнхæстгонд цæудзæнæй. Уой туххæй Цæгат Иристонæн лæвæрд æрцæудзæнæй 2 миллиард соми, цæмæй ма дууæанзон цикли 2024-2025 æнзти цалцæггонд æрцæуонцæ 20 скъолай. Уомæй уæлдай ма дзубанди цæуй, цæмæй гъæугæ фæрæзнитæ дехгонд æрцæуа республikæн 2024-2026 æнзти дæр ма 76 скъолай исцалцæг кæнунæн, цæмæй нæ сабийтæ нуриккон æмбæлгæ уавæрти зонундзийнæдтæ есонцæ.

## ЕРИСТÆ



Райдæдта Еугуруæрæсеуон конкурс «Хуæздæр тургъæ. Хуæздæр хæдзарæ». Е арæзт цæуй дуккаг хатт. Уоми архайунæн курдиадæ бадæттæн ес 10 октябри уæнгæ. Конкурси уагæвæрдмæ гæсгæ ерис цæудзæнæй цуппар номинациеми: «Хуæздæр тургъæ» (аргъгонд цæудзæнæй, тургъи хуæрзвадуат æма ибæл цæргутæ куд архайунцæ); «Тæккæ лимæндæр хæдзарæ» (аргъгонд цæудзæнæй, æнæлухгонд фарстатæ еуварс кæнунбæл цæргутæ куд æмхузонæй æма зæрдиагæй архайунцæ); «Хуæздæр бацæуæн» (аргъгонд цæудзæнæй, æ исаййев кæнунбæл цæргутæ куд зæрдиагæй архайунцæ æма кусти хуæрзгъæдæдзийнадæ куд æй); «Тæккæ энергоахедгæдæр хæдзарæ» (аргъгонд цæуй, цæрæнуатон-коммуналон феддонтæ ци мадзæлттæмæ гæсгæ фæмминкъийдæр æнцæ).

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Сæйгитæй уæлбарон ка ’й, уони гъæугæ хуастæй ефтонг кæнунæн аци анз республикæн радехгонд 880 миллион сомей уæлæнхасæн ма лæвæрд æрцудæй 97 миллион соми. Льготон хуастæ дæттунæн куст æнхæстгонд цæуй 38 сæрмагонд рауæнеми. Идарддзæф гъæутæмæ ба сæ хъæртун кæнунцæ медицинон косгутæ.

* * *

**Цæгат Иристони социалон фонди хайади фæрци аци анзи фиццаг æмбеси санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнадæ райстонцæ 223 уæлбæрнон адæймаги. Еци нисанæн дехгонд æрцудæй 3,5 миллион соми.**

**Республики æма æндæр рауæнти санаторитæмæ рарвистонцæ тоги зелдохи, эндокринон системи, уолæфæнти, нервити æма æндæр незти хæццæ сæйгити. Цæгатиристойнæгтæ се ’нæнездзийнадæ фæффедардæр кодтонцæ Стъараполи, Краснодари крайти æма Хъирими.**

**Лæвар балцæгтæ райстонцæ сæйгитæмæ еудадзугдæр ка зелуй, еци адæм дæр. Дзæбæхгæнæн бунатмæ æма фæстæмæ хæдзарæмæ иссæун æй лæвар. Санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнади æмгъуд æй 18 бони, инвалид сувæллæнттæн – 21 бони, астæу æма сæримагъзи незти хæццæ адæмæн ба – 42 бони.**

* * *

Ахури нæуæг анзи Цæгат Иристони скъолатæмæ æрвист æрцæудзæнæй маддæлон æвзагбæл финст киунугутæ – æдеугурæй 5113 экземплярi. Етæ уодзæнæнцæ нæ национ аййевадон литератури классикти æма нуриккон фингути уадзимистæ.

Нуриккон техникон фæрæзнитæй ефтонггонд цæугæ берæфадуатгин культурон центр рæхги архайун байдайдзæнæй Ирæфи райони. Уой фæрци фæззиндзæнæй равгæ идарддзæф цæрæн рауæнти дæр аллихузон культурон мадзæлттæ аразунæн.

* * *

**Паддзахадон экспертизæ Дигорай культурон райрæзти центри арæзтади проектон гæгъæдитæн аразий дзуапп равардта.**

**Проектмæ гæсгæ, центри дууæуæладзугон азгъунсти уодзæнæй 400-бунатон концертон зал, уæдта административон æма техникон рауæнтæ. Уомæй уæлдай, 50 мин киунуги фонди хæццæ райони библиотекæн культурон райрæзти центри рахай кæндзæнæнцæ зал.**

## ХЕЦАУДЗИЙНАДÆ ÆМА ÆХСÆНАДÆ




# ÆВАДУАТ РÆСТÆГИ ДÆМÆ Æ КЪОХ КА БАДАРА, УОМÆЙ АРФИАГ КУД НÆ УОДЗÆНÆ!..

Аци рагфидтæлтиккон загъд æримистан, нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Тайморазæн** парти «Еумæйаг Уæрæсе»-й республики цæргути устур къуари хæццæ ци фембæлд адтæй, уомæ гæсгæ. Еци фембæлдмæ се ’рбацуди сæр ба адтæй, сæ абони цардиуаги сæмæ ци сагъæссаг фарстатæ исæвзурдæй, уони райаразуни син кæд фæййагъаз кæниуонцæ… Курдиæдтæн сæ фулдæр ба адтæнцæ: аккаг кусти бунат иссерун, зæрдæмæдзæугæ дæсниадæ райсунæн ахурмæ бацæун, минкъий амалгъонадæ байгон кæнунæн гъæугæ фæрæзнитæ…

Нæуæг Бæтæхъойгъæуи цæрæг силгоймаг ракурдта агъаз, æ хæдзарæ ке бацугъдæй æма ’й исцалцæг кæнун ке гъæуй фæууазалти размæ, уой туххæй. Фарæ анзи кæрони сæ хæдзарæ бунсугъд бакодта, бийнонтæ, авд адæймаги, уони хæццæ си еу – æнагъон, хормæ райзадæнцæ. Басугъдæнцæ сæ документтæ, хæдзари дзаумæуттæ, цардиуаги гъæугæ техникæ, уæледарæс. Райони хецауадæ син ци фæрæзнитæ равардта, уонæй цидæртæ бахузæнон кæнун бантæстæй. Фал фагæ нæ адтæнцæ, бийнонтæн сæхе бон ба нæй хæдзарæ цæрунæн бæззуни уæнгæ исцалцæг кæнун. Тускъати Таймораз зæрдæ байвардта тагъд рæстæги фæййагъаз кæнунæй.

Фарæ апърелæй июли уæнгæ Украини тугъдтити ка архайуй, уæхæн æригон елхоттаг лæхъуæн курдта, цæмæй ин фæййагъаз кæна Аграрон колледжи электрификаци æма автоматизаций факультетмæ ахурмæ бацæунмæ. Парламенти Сæрдар æй бафарста, цæмæ ’й фæндуй еци дæсниадæ райсун æма имæ федæнмæ ци пълантæ ес уомæй, уæдта ин загъта, æ фарста æмбæлгæ уагæбæл лухгонд ке ’рцæудзæнæй.

Гъæдгæройнаг кизги курдиадæмæ дæр гъосдард æрцæудзæнæй – 2019 анзи ЦИПУ-и уруссаг филологий факультетмæ ахурмæ бацудæй æма ’й æнтæстгинæй каст фæцæй. Нур æй фæндуй фæллойнадон надбæл æрлæууун.

Кæсалги куст ка кæнуй æма æ равналæнтæ фæуурухдæр кæнунбæл ка архайуй, уæхæн гъæууонхæдзарадон кооперативи сæргълæууæг ба ракурдта, цæмæй ин паддзахадæ фæййагъаз кæна. Тускъати Тайморaз имæ равардта цалдæр фарстай, сæйрагдæр – нæуæг косæн бунæттæ исаразуни, æригон специалисттæ кустмæ райсуни, кооператив фæуурухдæр кæнуни туххæй. Загъта ин, æ бизнес-пъланмæ ин ку ’ркæса, уæд ин бæлвурд дзуапп ке ратдзæнæй.

Дзæуæгигъæуи 45-аг гимназий нииййергути номæй æрбацудæй курдиадæ скъоламæ æрбацæуæни тротуартæ исаразуни туххæй. «Тротуартæ си ке нæййес, е тæссаг уавæртæ исæвзурун кæнуй, уæлдайдæр – зуймон, хуæдтолгитæ æма скъоладзаутæ æмцуд кæнунцæ, е ба фæндаггон фидбилизтæн уавæртæ исæвзурун кæнуй. Дзæуæгигъæуи администрацимæ нæ курдиадæ бахастан, кезуй нæ исæвардтонцæ, фал нин æмгъуд нæ загътонцæ, уотемæй тагъд ахури анз райдайдзæнæй», – гъенцъун кодта, курдиадæ бадæттун кæмæн байхæс кодтонцæ, еци силгоймаг. Парламенти Сæрдар зæрдæ байвардта фарстамæ лæмбунæг æркæсунæй.

Фембæлди хатдзæгти фæдбæл кæронбæттæни дзубандий Тускъати Таймораз уотæ баханхæ кодта:

– Парти «Еумæйаг Уæрæсе»-й граждæнти æхсæнадон есæнуати куст ахедгæ æй. Адæми хæццæ комкоммæ фембæлди фæрци фарстатæмæ листæг æркæсæн æма балæдæрæн, нæ республики цæргутæ аллибон хъæбæрдæр цæмæй тухсунцæ, еци цæлхдортæ. Е ба дæттуй фадуат, ци закъонтæ ист æрцæуунцæ, етæ куд косунцæ, уой базонунæн», – загъта Тускъайфурт.

## БОНИГЪÆДÆ АВГУСТИ

### УÆД – КАРЗ ТÆВДИТÆ, УÆД – УАРУНДЗАСТ…

Райдæдта август. Къæлиндармæ гæсгæ август фæстаг сæрдигон мæйæ æй, æма æгайтима уæддæр аци мæйи нæмæ сæрдæ æ тæмæни бацудæй. Уомæ гæсгæ ни алкедæр базонун фæндуй аци мæйи дæргъи нæмæ бонигъæдæ циуавæр уодзæнæй, уой.

Ахид августи республики хуæнхрæбун районти уæлдæфи температурæ фæууй 20-21 градуси, будуйрон районти ба – 24-25 градуси гъар. Ростови гидрометцентри рагацау бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, аци анз Цæгат Кавкази федералон зилди фæзуатбæл уæлдæфи температурæ уодзæнæй нормæмæ хæстæг. Æхсæвæ уæлдæфи температурæ æрхаудзæнæй гъари 15-21 градусмæ, бонæй ба температурæ исхездзæнæй 22-28 градусмæ (хецæн бæнтти – 30-35 градусмæ).

Цæстдарди берæанзон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, тæккæ уазалдæр август адтæй 1984 анзи, еци дзамани уæлдæфи температурæ адтæй айдагъдæр 17 градуси гъар, тæккæ гъардæр август ба адтæй 2006 анзи (уæлдæфи рæстæмбес температурæ адтæй 25 градуси).

Августи хор бæнттæ æма уаргæ бæнттæ кæрæдзей ахид æййевдзæнæнцæ. Ахид августи мæйæмæ республики хуæнхрæбун районти рауаруй 84-90 мм, будуйрон районти ба – 35 мм. Аци анз дæр рауардзæнæй нормæмæ хæстæг. Ахид уодзæнæй карз уарунтæ, еуæй-еу рауæнти ба уодзæнæй ехи хæццæ уарунтæ.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, хæстæгдæр бæнтти бонигъæдæ циуавæр уодзæнæй. Сабати изæрæй еуæй-еу рауæнти уодзæнæй цубуррæстæгон уарунтæ, кæмидæрти ба карз думгити хæццæ. Уæлдæфи тæвдæ æхсæвæй уодзæнæй 16-21 градуси, бонæй ба 28-33 градуси. Иннæ дууæ бонеми ба уойиасæбæл уарунтæ нæ уодзæнæй. Уæлдæфи тæвдæ уодзæнæй 16-21 градуси æхсæвæ, бонигон ба 28-33 градуси.

*Светланæ СУХОВА, синоптик.*



**Хуцаубони, 6 августи, бæрæггонд цæудзæнæнцæ æфсæнвæндаги косæги Бон æма Уæрæсей æфсæнвæндаггон æфсæдти Бон.**




# ХУАРЗÆН ДÆР Æ ХУАРЗ УÆЛАРВÆЙ НЕ 'РХАУЙ...

Республики финансти министради разамонæг **Исахъти Олеги** загъдмæ гæсгæ, июли бюджетон къабази косгутæн сæ мизд æнхæстæй бафистонцæ. Гъæуама алли ведомстви дæр фарстатæмæ гъос даронцæ, мизд афойнадæбæл райсуни ести аййепдзийнæдтæ ку исæвзуронцæ, уæд адæмæн сæ бон æрбадзорæн æй уæхæн телефонæй: 53-25-25.

Аци хабар Исахъи-фурт фегъосун кодта æрæги нæ республики Хецауади кезуй æмбурди. Уой фæдбæл премьер-министр **Дзанайти Барис** еума хатт баханхæ кодта:

– Фæллойнæгæнгутæ гъæуама сæ мизд æма æндæр социалон феддонтæ афойнадæбæл æма æнхæстæй есонцæ. Е хъæбæр ахсгиаг æй æма уомæй бæрнон къабæзти разамонгути 'рдигæй имæ гъæуама уа еудадзугон лæмбунæг цæстдард, æгириддæр си гъæуама ма уа уотид минкъий къулумпидзийнæдтæ дæр.

Абони ахсгиаг социалон-экономикон фарстабæл нимад цæуй минкъий æма рæстæмбес амалгъонадæн гъæугæ хузи агъаз кæнун. Æма еци гъуддаги уавæр куд æй Цæгат Иристони, уой фæдбæл адтæй æ радзубанди экономикон ирæзти министр **Кучити Заурæн**. Куд фегъосун кодта, уотемæй амалгъонтæн сæ бон агъаз есун æй экономикон ирæзти, гъæуоун хæдзарадæ æма хуаллаги, промышленности æма инвестицити, фæллойнæ æма социалон ирæзти министрæдти 'рдигæй, уомæй уæлдай ма – туризми комитетæй дæр.

Центр «Мæ бизнес»-и бундорбæл фæззиндтæй амалгъонадæн агъази гъæугæ инфрастуктурæ. Ку багъæуа, уæд син ами консультацитæ искæндзæнæнцæ, фæййагъаз кæндзæнæнцæ амалгъонадон пълан ниффинсунæн, экспортмæ рахезуни æввонг сæ искæндзæнæнцæ. Еци гъуддæгути фæдбæл амалгъони цæмæй Дзæуæгигъæумæ цæун ма гъæуа, уой туххæй «Мæ бизнес»-и минæвæрттæ косунцæ еугур районти дæр.

Аци фарстай фæдбæл дзубандий кæронбæттæни Дзанайти Барис бафæдзахста, цæмæй фулдæр кæнонцæ лæдæрунгæнæн куст, амалгъонади берæ фарстатæ исæвзуруй адæймагмæ.

Региони нæмæ агъази фадуæттæ фагæ ес, гъæуама сæ адæммæ хъæртун кæнæн.

Аци æмбурди радзубанди кодта Национ проекттæ æнхæст кæнуни управлений разамонæг **Томайти Фатимæ**. Æма куд фегъосун кодта, уотемæй аци анз дууадæс национ проектемæн лæвæрд æрцудæй фараст миллиард соми. Нуртæккæ сæ исæнхæст кæнуни кассæ æй финддæс æма дууинсæй проценти, е уæрæсеуон рæстæмбес бæрцæй æй фараст проценти фулдæр.

Томайти Фатимæ куд радзурдта, уотемæй бюджетон фæрæзнитæн сæ 70 проценти лæвæрд æнцæ 150 объекти бундоронæй исцалцæг кæнунæн. Уонæй нерæнгæ инсæйеми еци куститæ фæуунтæбæл æнцæ, дууæ æма инсæй бал си уотемæй архайунцæ, иннæ 108 объектеми ба арæзтадон куститæ ма идарддæр цæунцæ.

Дзанайти Барис куд баханхæ кодта, уотемæй хатдзæгтæ зæрдæмæдзæугæ 'нцæ æма идарддæр дæр уотæ архаун гъæуй:

– Фари бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ национ проекттæ исæнхæст кодтан 99,8 проценти уæнгæ. Аци анз ба нæ гъæуй никки хуæздæр бакосун.

Дзанайти Барис ма куд фегъосун кодта уотемæй «Минкъий сахартæ æма историон цæрæнбунæттæ»-йи еугуруæрæсеуон конкурси уæлахездзаутæ аци анз иссæнцæ Алагири райони Нари гъæу, Æрæдони æма Дигори райontæ. Республики фæзуатмæ базелуни туххæй син радех кодтонцæ 200 миллион соми.

Хуарз хабæрттæ зæрдæн æхцæуæн куд нæ уодзæнæнцæ. Фал зæрдæбæл дарун гъæуй мæнæ ауæхæн курухон загъд: «Хуарзæн дæр æ хуарз уæларвæй не 'рхауй...» Гъома, хуарздзийнæдтæ нæмæ ке ес, е æхцæуæн æй, фал цæмæй фулдæрæй-фулдæр кæнонцæ, уой туххæй ба идарддæр никки æнтæстгиндæрæй архайун гъæуй, алкедæр ни, ци гъуддаг ин ихæсгонд æй, уой гъæуама гъæугæ хузи æнхæст кæна.

***Æрмæг цæттæгонд æй нæ республики Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-служби игъосункæнуйнæгтæмæ гæсгæ***

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



Еу паддзах, дан, еуу-æхæни æ фæсдзæуинтти хæццæ сахари гъæунгти ку рабалци кодта, уæд уоми ци адæм æрæмбурд æнцæ æ фæууинунмæ, уонæй ке размæ бахъæртидæ, етæ сæ уæргутæбæл æрхауиуонцæ. Айдагъдæр еу мæгургор æ бунатæй æзмæлгæ дæр нæ фæккодта.

Паддзах æй æрæстæфтæй æма 'й æ фæсдзæуинттæн æй æ размæ ку 'рбакæнун кодта, уæд æй карзæй бафарста, адæм, дан, мæ рази сæ уæргутæбæл ку 'рлæуунцæ, уæд ду ба уанæбæрæг ка дæ, ци дæ, уони цæмæннæ фæнзис. Мæгургор ин равардта дзуапп:

– Етæ дин дæ бæрзонд бадæни, дæ ес-беси, де 'хцати рази æргубур кæнунцæ сæ сæртæ. Мæнмæ ба уæхæнттæй еу дæр нимади нæй. Уæд син цæмæн гъæуама ковон мæ сæрæй, цæмæн æрхаун мæ уæргутæбæл?.. Мадта дæуæн ци дууæ хецауи ес, етæ мæнæн ба мæ цагъартæ æнцæ...

– Ци зæгъуйнаг дæ уомæй?

– Дæуæн дæ хецæуттæ Маст æма Зудæ 'нцæ. Мæнæн ба етæ мæ цагъартæ 'нцæ!..

Паддзах æй балæдæрдтæй, лæг æцæгтæ ке дзоруй, уой, æ бæхæй æрхизтæй æма ин æ сæрæй ракувта.

* * *

*Нæ бæсти нури паддзахеуæггæнгутæй дæр сæ фулдæремæн, гъулæггагæн, сæ хецæуттæ иссæнцæ Маст æма Зудæ. Æма еци æдзæсгонæй хæлæф кæнунцæ нæ еугурадæмон есбойнадæбæл, хъиамæтгун дзиллитæ ба сæ фудмиутæй мæстæфсес æнцæ. Еци паддзахи хузæн лæдæрунгъон ку уиуонцæ, уæд сæ илгъагдзийнæдтæбæл, ка 'й зонуй, æрфæсмон кæниуонцæ, хатир ракориуонцæ, гъезæмæртти ци адæми æфтаунцæ, уонæй, сæ рæдудтитæ исраст кæниуонцæ... Фал кунæг!..*



**КИРИЛЛ Мæскуйаг æма еугур Уæрæсей Патриарх æ дæлбарæ диникустгæнгути байхæсгин кодта, цæмæй етæ, «æнæгъæнæ бæстæ берæ цæмæйдæрти æхецæн гæрæнтæ ке æвæруй, еци уавæрти куд бахъоди кæнонцæ фургъæздугдзийнадæбæл...»**

* * *

Æ домæн бæргæ раст æй, фал Патриарх æхуæдæг дæр æма æ фæсдзæуинттæй беретæ сæ алæмæти æгæрон есбойнæдтæ, яхтитæ, фургъæздуг дзаумæуттæ ба, цума, ци фæккæндзæнæнцæ? Падзахадæн кенæ си мæгурдæйраг адæмæн ести хуарздзийнæдтæ исарæзунæн сæ иснивонд кæндзæнæнцæ? Сугъдæг Иоанн Златоуст уотæ загъта: «Дæ мулкæй хай нæ кæнун дæр æй раскъæфт...»



**Петр ТОЛСТОЙ, Паддзахадон Думи депутат бахаста уæхæн фæндæ, цæмæй Уæрæсе æхе рацох кæна æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Еугурдуйнеуон организацийæй (ВОЗ-æй). Æ загъдмæ гæсгæ, уомæн æма Уæрæсей ци хæзнатæбæл хуæст æнцæ, уони 'хсæн еумæйагæй неци ес, кæрæдзей хæццæ æнæбадгæ 'нцæ.**

* * *

Уанæбæрæг циуавæр æнцæ еци хæзнатæ, æма син байеугæнæн нæййес? Æви нæмæ Уæрæсей адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ хæзнабæл нимад нæ цæуй?..



**Иван КРЫЛОВ (1769-1844), финсæг: «Давæгæн сауæнгæ миллионтæ раттæ, уæддæр æ кæнон нæ ниууадздзæнæй...»**

* * *

Æма уой нæ нури «цардарæзти» нæхе цæститæй нæ уинæн!.. «Нæуæг Уæрæсе» аразгутæ аллихузон налатдзийнæдти, уæлдайдæр ба æлгъистаг приватизаций фæрци фæххæлæф кодтонцæ еугурадæмон есбойнадæбæл æма æнай-æнойти алæмæти бонгинтæ рацæнцæ. Фал син уæддæр сæ миллиардтæ нæ фагæ кæнунцæ æма бабæй сæ фурудæй нæуæг миутæ мадзал кæнунцæ, гъæйттæй сæ фæндуй нæуæг приватизаци исаразун...

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

**Æма ни ка ба нæ бæллуй æ цардиуаги тæккæ хиццагдæр уавæртæмæ – цæмæй ин си уа еугур равгитæ дæр æ бæлдитæ æнхæст кæнунæн, цæмæй зæрдрохсæй æрветæ æ цæргæбæнттæ, цийнæйдзагæй ирæзонцæ æ кæстæртæ... Фал алкæд уотæ нæ рауайуй. Дзиллон цæстингас æртасгутæ алли кари æма алли рауæнти цæргути ку бафарстонцæ сæ абонниккон царди уавæрти æма цæбæл сæ зæрдæ дарунцæ, уой туххæй, уæд сæ дзуæппитæ рауадæнцæ мæнæ ауæхæн (процентæй нимайгæй).**



### ЦИУАВÆР АРГЪ КÆНЕТÆ УÆ АБОНИ МАТЕРИАЛОН УАВÆРÆН?

| | 2023 | 2022 | 2019 | 2018 | 2015 | 2010 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **ХУАРЗ** (ке бафарстонцæ уонæн сæ 44% адтæнцæ æригæнттæ) | 25% | 23% | 11% | 13% | 7% | 7% |
| **РÆСТÆМБЕС** | 53% | 56% | 62% | 60% | 63% | 59 |
| **ЛÆГЪУЗ** | 19% | 19% | 26% | 26% | 29% | 32% |

### ЦÆМÆ ÆНГЪÆЛМÆ КÆСЕТÆ ИСОНИБОНИ?

| | 2023 | 2022 | 2019 | 2018 | 2015 | 2010 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **ФÆХХУÆЗДÆР УОДЗÆНÆЙ** | 27% | 21% | 22% | 24% | 13% | 22% |
| **ФÆЛЛÆГЪУЗДÆР УОДЗÆНÆЙ** | 12% | 16% | 18% | 18% | 27% | 16% |
| **НЕЦИУАВÆР ÆЙЙИВДДЗИЙНÆДТÆ ÆРЦÆУДЗÆНÆЙ** | 40% | 38% | 40% | 38% | 34% | 41% |

Æртиккæги, 9 августи бæрæггонд цæудзæнæй дуйней бундорон адæмихæттити Æхсæндуйнеуон бон.

*Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906–1999), номдзуд ахургонд:*
*«Хецæн адæймаги меддуйнейæн, менеугутæн ци барæнтæмæ гæсгæ аргъ кæнæн, уæхæнттæмæ гæсгæ гъæуама аргъ кæнæн алли бæстæн, адæмæн, нацийæн дæр. Ци менеугути фæрци нимайæн адæймаги?*





**Къарти: 1. ДЗИДЗОЙТИ Дудар æма æ кæстæр æнсувæр Алихан; 2. Дудари цардæмбал Темурон Лизæ (Ялтæ, 1964 анз); 3. Æртæ æнсувæри (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Анатолий, Славик, Валерик – евгъуд æноси 60-аг æнзти.**

# ДЗИДЗОЙТИ Анатолий: «ИСФÆЛДЕСÆГ НИН ЦАРДАМОНДÆН РАВГИТÆ ДÆТТУЙ, АРАЗГÆ БА НÆХЕЦÆЙ ÆЙ!..»

1

Анатолий райгурдæй 1943 анзи 6 августи Дзидзойти Малийи фурт Дудари æма Елизавети (Темурти Аслангерийи кизгæ) бийнонти ’хсæн – æ фидæ æма æ мадæн иссæй сæ цæуæти фиццаг сабий.

Дур-Дури цæргæй, Дзидзойти Дудари бийнонтæ сæ карни хабæрттæ кодтонцæ сæ равгитæ æма гæнæнтæ син куд амудтонцæ, фæлмæн хорбони адæймаг ци зæрдинцойнæ февзаруй, уотæ уодфедарæй бæлдтæнцæ сæ исонибони райдзастмæ. Фал син сæ бæлдити ирд арв æнæй-æнойти адзал ниттар кодта æверхъаудзийнади сау мегътæй – æ кусти фæммард æй Дудар... Уоййасæбæл устур нифс син кæмæй адтæй, сæ еци фидæй фенæхай æнцæ е ’ртæ фурти, сæ хестæр Толик, уæд ибæл цудæй æдеугурæй дууадæс анзи. Хæдзари хестæр нæлгоймаги ихæстæ уой æригон усхъитæбæл æрæнцадæнцæ. Уæззаудæр куститæ æ рагъи, æ дууæ кæстæр æнсувæри – Славик æма Валерикки гъомбæл кæнун – уой ихæс, уомæн æма сæ мадæ Темурони еудадзуг кустмæ цæун гъудæй. Мадта цæмæй цардайуонцæ бийнонтæ уæди, евгъуд æноси фæндзайæймаг æнзти тухст уавæрти...

Мади æ зæрди фæндон æнхæст нæ евдалдæй биццеутæмæ æма Толик æ амундмæ игъуста, æ фæдзæхститæ ин æнхæст кæнгæй, æ кæстæрти дæр æгъдаубæл, кустбæл ахур кодта.

## «НÆ НÆ АДТÆЙ БАРÆ НЕКÆД ХОРБАДÆНТÆЙ, МАДИ ФÆНДÆ НÆ ЗÆРДИТИ МАХ ДАРДТАН...»

Зæгъун æнгъезуй, Дудари хестæр фурт айдагъ æ фиди фæсте уой ихæсти уаргъ нæ райста хæдзари, фал ма е ’нсувæртæн дæр иссæй надамонæг, ахургæнæг, гъомбæлгæнæг. Кæстæртæн е ке загътайдæ, уобæл дууæ зæгъæн нæбал адтæй, уой цийфæндийæй дæр æнхæст кæнун гъудæй.

Гъуди ма ’й кæнун, се ’мгъæуккаг, зундгонд публицист æма финсæг Æгъузарти Саукуй (гъулæггагæн, абони не ’хсæн нæбал æй, рохсаг уæд...) аци бийнонти туххæй хабæрттæ кæнгæй, уотæ имисидæ:

– Биццеутæ седзæртæй уотæ раги ке байзадæнцæ, е сæ хестæрхуз кодта, уæлдай уаргъ сæбæл æвардта æма еци уаргъ барæ-æнæбари дæр хæссун гъудæй. Изæрæй фæсевæд гъæуи фæсте будурмæ гъазунмæ ку рацæуиуонцæ, уæд Толик ба ахид нæ уидæ нæ хæццæ. Кенæ изæйрон зилдтитæ кодтайдæ, кенæ ба æ уроктæ кæнунбæл фæцайдæ. Ахид – гъуддагхуз, гъудицæстæ, мæтъæл. Скъолай дæр – еци рауон-циуон, дзурдарæхст, дзуапп раттунмæ – дæсни. Бустæги ба, къласи естæй туххæй буцæу дзубанди ку рауайидæ, уæд уой раст ниллух кæнунмæ – тæрхони лæг! Е ке загътайдæ, е ци унаффæ рахæссидæ, уобæл ахургæнæг дæр дууæ нæбал зæгъидæ. Юристи дæсниадæ æ тоги раги ниххизтæй, е æ тæрниxбæл дæр финст адтæй.





Сæхемæ Дур-Дури 1961 анзи хуарз бæрæггæнæнти хæццæ астæуккаг скъола каст фæуугæй, исфæндæ кодта юристи дæсниадæ райсун. Æ фадуæттæ куд амудтонцæ, уомæ гæсгæ фæсауунмæ ахур кæнун райдæдта Мæскуй Еугуруæрæсеуон юридикон институти. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ба нæхемæ райгон æй университет, фæззиндтæй си юридикон факультет дæр æма Анатолий фæстаг къурси ардæмæ раййивта. Диплом ку райста, уæд райдæдта прокуратури слестгæнæгæй косун.

## «НÆ ДЗИЛЛИТÆН КАДÆ ХÆССУН МÆ РАСТ КУСТÆЙ УАРЗУН ÆЗ...»

Æ берæ æма арф зонундзийнæдти хæццæ ма Анатолиймæ разиндтæй берæ лæгдзийнæдтæ, кæцити фæрци ин æнтæстæй æ фæллойнадон нади тæккæ райдайæни уобæл федар къахдзæфтæй рараст ун. Лæмбунæг, дæргъвæтийнæ хабæрттæ нæ кæнун æ кусти фæдбæл ка ин зонуй æ еци хабæрттæ, уонæн нæуæгæй неци зæгъдзæнæн, ка сæ нæ зонуй, уонæн ба мæ æгæр дæргъвæтин дзубанди кæнун бæгъæудзæнæй æма уомæн ба нуртæккæ фадуат нæййес. Фал æ профессионалон къахдзæфтæ рæстмæ æма æнтæстгин ке адтæнцæ, уобæл дзорæг æй е дæр, æма Дзидзой-фурт æригонæй иссæй Ирæфи райони прокурор. Æ кусти медес кæмæдæрти кæд тузмæг æма æгъатир кастæй, уæддæр æй е ба уæхæнæй æгириддæр не ’нхæст кодта. Хаста æй, закъон куд амудта, уотæ – æцæг рæстдзийнади æма лæдæруни бундорбæл. Уомæ гæсгæ, уæди рæстæгути æй ка зудта, етæ хумæтæги нæ фæззæгъунцæ, гъома, зудта адæми хæццæ цæрун, дзæгъæли некæд неке бафхуæрун бауагъта. Мадта Рахесфарси райони, уæдта Кирови райони косгæй дæр уотæ. 1999 анзи æй раййивтонцæ республики прокуратурæмæ, куста си ахсгиагдæр хайæдтæй еуей сæргълæуууæгæй. Æнтæстгинæй æнхæст кодта æ размæ æвæрд ихæстæ.



ДЗИДЗОЙТИ Анатолий (рахесæрдигæй дуккаг) æма Валерий сæ дагестайнаг æмхуæрифуртти (сæ мади хуæрæ Гулинæ авайраг киндзæ адтæй) хæццæ.

Æртиндæс æма инсæй анзи бакуста прокуратури рæнгъити, иссæй юстиций хестæр советник (болкъон). Берæ аллихузи хуæрзеугутæ исаккаг кодтонцæ æ хуарз æма æнæзæрдихудт фæллойни туххæй Дзидзойти Анатолийæн Советон Цæдеси, уæдта Уæрæсей хецауадæ, прокуратури разамунд.1993 анзи 21 майи Анатолийæн лæвæрд æрцудæй реубæлдаргæ бæрæггæнæн «Почетный работник прокуратуры», никки ма Уæрæсей Федераций Генералон прокурори унаффæй фицдаг къæпхæни майдан «За верность закону», 2013 анзи Анатолийæн исаккаг кодтонцæ Цæгат Иристони æскъуæлхт юристи кадгин ном.

* * *

Æригонæй гъе уотæ исахур æй æма ци гъуддагмæ бавналуй, уой æрдæгкондæй некæд уадзуй, нæй уотæ æ бон. Æнцад нæ лæууй, гъæуама ести архайа, е æ тоги æй. Уой дæр айдагъ æхе гъуддæгути нæ. Еске æ агъаз багъудæй, зæгъæ, уæд æхе гъуддæгутæ ниууадздзæнæй, фал еци адæймаги фарсмæ ба балæудзæнæй, æ бон ци уа, уомæй имæ фæккæсдзæнæй. Аци гъуддаги ма имæ ес еу, е ’цæг лæгдзийнадæ ин ка æвдесуй, уæхæн менеуæг. Зæгъæн, цæмæдæр гæсгæ æ бон нæ исуодзæнæй кæмæндæр цидæр æхсицгон гъуддаг исаразун, уæд имæ разиннуй уоди хъаурæ уой туххæй æргомæй зæгъун, еске фæффудевгæд кæнуни æма мæнгæ æфсæрмий рæуонæй расайуни бæсти. Æ бон æй дзурд нæ раттун, фал еугæр ку зæгъа, уæдта неци хузи фæссайдзæнæй. Фæливд ун, дзурд фæссайун нимайуй фур æгадæбæл, нæ удæнсуй уæхæнтти æгириддæр.

Æнзтæ, рæстæгутæ ин нæ исæйййивтонцæ æ удиконд. Кæмидæр уа, цидæриддæр гъуддаги бацæуа – æ архайд уобæл фæууй, цæмæй си алцидæр уа зæрдæмæдзæугæ, дзиллитæн хæсса удæнцойнæ æма æхцæуæндзийнадæ. Æнæгъдау миуæ æхецæн ке нæ исаккаг кæндзæнæй, уобæл дзубанди дæр нæййес, фал имæ ци берæ хуарз менеугутæ ес, уонæй ба еу е æй, æма, еуети хузæн кедæр æнæгъдау миутæбæл æ къох нæ ракъуæруй, гъома, мæн ци гъуддаг ес, зæгъæ, – некæд æма некæмæн удæнсуй æведауцæдзийнадæ æма æнæгъдаудзийнадæ. Уой хæццæ ба нæ фæккæнуй еунæг хъипп дæр нæгъæуаги некæд. Кедæр зæрдæмæ фæццæуни кенæ кæмæндæр ракозбау кæнуни зæрдтæй царди хабæртти фæдбæл æ цæстингас кенæ фæткитæ раййевæ-баййевæ кæнун нæ уарзуй æма уой æ сæрмæ нæ хæссуй.

## «НÆДТÆ МÆ ХОНУНЦÆ ФÆЛЛОЙНÆН Æ АРТМÆ, ÆМА СÆБÆЛ НÆ КЕУГÆЙ ЦÆУН НУР ÆЗ ДÆР...»

Уобæл дзорæг æй е дæр, æма еу бунати зæрдæй косун фæразта алкæддæр. Æ зæрдихатт уотæ ’й, æма кусти тиллеф нæ зонуй. Хъазар ин æй кадæ æ царди аци лæгæн. Æхуæдæг куд фæззæгъуй: «Алке дæр райгуруй цæрунмæ, ести хуарз гъуддаг бавдесунæн. Адæми хæццæ цæрун ку зонай, уæд некæд кæндзæнæ фæсмон…»

Уомæн æвдесæн Дзидзойти Анатолийæн æхе цардиуагæ. Фæллойнæ уарзуй æма ин, æвæдзи, уомæ гæсгæ ба Хуцау дæр равардта цардамонд. Æхе нимайуй ихæсгинбæл нæ адæмæй. Фæлтæрти рæстбæл сагъæстæ æма гъудитæ æ зæрдæмæ иста алкæддæр æма абони дæр си еуварс нæ ’й.

Æ æнзтæй æрцардæй нерæнгæ цуппаринсæй. Етæ ба хуарздзийнæдтæй уотæ гъæздуг æнцæ, æма сæмæ адæймаг кæдзос зæрдæй куд не ’рхицæ кæна. Æ хæзнати хæзна ба е æй, æма ин уарзон хæстæгутæ æма хеуæнттæй уæлдай ес, сæрустур кæмæй æй æма ин уодæнцойнæдзийнадæ ка дæттуй, æ еци берæ æрдхуæрдтæ, лимæнтæ, хуарз зонгитæ. Куд етæ, уотæ сæ е дæр æ зæрди ауодундзийнадæй батавуй, се ’ной къæбæр нæ хуæруй, сæ хæццæ гъуддаги бацæуæй æ дзурдæн алкæддæр æй федар хецау.

Уогæ мæ аци загъдмæ гæсгæ уотæ маке бангъæлæд, æма æ царди еудадзугдæр хорбæнттæ адтæй, уазал æма тухстдзийнадæ хæссæг мегътæ æ сæрмæ некæд æрбамбурд уиуонцæ. Куд адæми ’хсæн æма уони сæрбæлтау архайæг лæг, уотæ Дзидзой-фуртæн дæр æ царди над æмхузон лигъз кæми адтæй, исæмбæлиуонцæ фудæвзарæнтæ дæр… Фал имæ етæ нимади дæр нæ ’нцæ абони, уомæн æма, æхуæдæг куд фæззæгъуй, хуæрзтæ æма хуарздзийнæдтæ фулдæр адтæнцæ.

Фæндуй ма мæ еу гъуддаги туххæй зæгъун.

Æ рæстæги ин гæнæнтæ æма амæлттæ адтæй, мæ царди æма мæ кусти мин фулдæр кæд бантæсидæ, зæгъæ, кумæдæр идæрдтæмæ рандæун. Ка ’й зонуй, æндæр кæмидæрти ин, æцæгæйдæр, фулдæр æма хуæздæр бантæстайдæ… Фал некумæ рандæ ’й… Æ ирисхъæ ке исбаста æ райгурæн зæнхи хæццæ, æ амонди «мæсуг» ами, нæхемæ ке исамадта, уобæл æгириддæр нæ фæсмон кæнуй. Е нæ, фал уомæй сæрбæрзонд дæр ма æй.

## «ДАРГЪ ÆНЗТИ МÆ УÆРГЪТÆ ÆНÆФАУ ХÆССУН, НÆ ЦАРДИ ЦИРÆГЪТÆ НÆ УАДЗУН ХУССУН...»

Прокуратури бæрнон бунати косгæй, уордигæй кади хæццæ ку рацудæй æ æнзтæмæ гæсгæ, уæд хъæбæр зæрдиуагæй бавналдта педагогон æма наукон кустмæ. Хуарз æма зонундзийнадæн кæрон нæййес, е федар æвæрд æй Анатолиймæ. Прокуратури косгæй ци берæ гъуддæгутæ базудта, ци практикон фæлтæрддзийнадæ райста, уони нур ба исбаста теорий хæццæ æма, зæгъун æнгъезуй, арæхстгинæй науки дæр æвдесуй зингæ æнтæстдзийнæдтæ.

Дзидзойти Анатолий, куд ахургонд, уотæ финсуй æгириддæр, кенæ ба хъæбæр минкъий каст кæмæ æрцудæй наукон æгъдауæй, уæхæн барадон фарстатæбæл. Уæрæсей раззагдæр наукон журналти мухургонд цæунцæ æ уадзимистæ, уонæн устур аргъ кæнунцæ нæ зундгонд юристтæ. Анатолий ахид фæууй аллихузон наукон конференцити. Фæстаг дæс анзей дæргъи æ ном куд дæсни наукон-æртасæн кустгæнæг юрист, уотæ райгъустæй Нальчикки, Пятигорски, Краснодари, Ростови, Стъараполи, Санкт-Петербурги æма Мæскуй.

Æ профессионалон архайд ин кæд цийнаг æй, уæддæр æ ахсгиагдæр нифс æма зæрдрохс бундор æнцæ æ сугъзæрийнæ бийнонтæ æма сæрбæрзонд кæмæй æй, еци кæстæр æнсувæр, зундгонд ахургонд Валерий. Æнцæ хъæбæр тумугъ цардгъон бийнонтæ æма е ба айдагъ Анатолийи фæрци нæй, фал æ зæрдхæлар, адæмуарзон бийнойнаг Æлбегати Агубекири кизгæ Клари хъаурæй дæр. Нур дæс æма дууинсæй анземæй фулдæр кæрæдзей лæдæргæй цæрунцæ еумæ. Исгъомбæл кодтонцæ фурт Алан – фæцæй каст юридикон факультет, иссæй юстиций кæстæр советник (майор). Куста Промышленнон районы прокурори хуæдæййевæгæй…Æ ниййергутæн устур нифсдæттæг бæргæ адтæй, фал… Цалдæр анзей размæ еци цардгъонæй æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй. Еци æверхъау хабари зин абони дæр ма бийнонтæн зæрдрист æй. Ами уой зæгъун гъæуй, æма æ кизгæ Валерия равзурста æ фиди дæсниадæ – æнтæстгинæй каст фæцæй Мæскуй Кутафини номбæл паддзахадон юридикон университет (прокуратури Институт) æма нуртæккæ косуй Дзæуæгигъæуи Цæгат-Нигулæйнаг районы прокурори æгъазгæнæгæй.

Анатолий æма Клари кизгуттæ Зæлинæ æма Паулæ дæр рацудæнцæ фидæ æма æнсувæри надбæл, райстонцæ юристи дæсниадæ. Зæлинæ косуй Дзæуæгигъæуи администраций, Паулæ ба медгъуддæгути министради къабази.

Куд мадæ, уотæ Кларæ куд нæ цийнæ кæндзæнæй æ кæстæрти рæстмæзунд хабæрттæ æма гъуддæгутæбæл. Уогæ хаттæй-хатт ходгæй уотæ дæр фæззæгъуй:

– Бæргæ неци хилæ кодтайдæ, уæддæр си еу дохтир ку иссайдæ… Фал нæ рауадæй æма ма ибæл ци дзорæн... Хуцау еци хуарз исаккаг кодта, æма абони мæ бон æй хъæбæр боз ун... Дохтир ба?.. Куд фæззæгъунцæ, изæр нæма ’й, æма, ка ’й зонуй, нæ кæстæрти кæстæртæй кæмæдæр еци ацъагъуæ разиндзæнæй…

Боз æнцæ Анатолий æма Кларæ сæ цæуæтæй дæр æма уони кæстæртæй дæр. Нæ рагфидтæлтæ куд зæгъиуонцæ: «Бæдолæ уæраги хъанз æй, бæдоли-бæдолæ ба зæрди ауиндзæн!..»

Цуппаринсæй анзи æнхæст кæнуй Дзидзойти Дудари фурт Анатолийбæл… Лæгæн æ тæккæ курухон карæ! Нæ бон уотæ зæгъун дæр æй, æма Анатолий гъæуама фæсмойнаг мацæбæл æма фæстаг мацæмæй уа. Уомæн æма рæстуодæй цæруй адæми ’хсæн, цидæриддæр æ бон æй, уой æхе бæрни гъуддæгути дæр некæд æвгъау кæнуй, уой хæццæ ба ма æнхæстæй дæттуй æ зонундзийнæдтæ ирæзгæ фæлтæртæн æма си етæ дæр абони хъæбæр арфиаг æнцæ.

Æцæг лæгæй фæццæрун æй лæгдзийнадæ, æндæра цæргæ ба хъæбуза дæр кæнуй. Еци лæгдзийнадæй ба æнæхай нæ фæцæй Дзидзойти Дудари фурт Анатолий!.. Æма ин æхецæн дæр æма æ бийнонтæн дæр, уæлдайдæр ба æ кæстæртæн нæ Исфæлдесæг устур амонди берæ хуæрзтæ исаккаг кæнæд!..



Аци къарæ рагон æй, æма ист æрцудæй, ДЗИДЗОЙТИ Анатолий æ бийнонтихæццæ фæлладуадзæн балций ку адтæнцæ, уæд. Галеуæрдигæй си лæууй æ æдзард фурт Алан.

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта*
*ХЕКЪИЛАТИ Маринæ*

*Фæсдзурд: Дзидзойти Анатолийи хуарз менеугутæй ма еу е æй, æма æхцул æй киунугутæ кæсунбæл. Уомæ гæсгæ абони аци æрмæги дæлсæргондæн райстан е ’мъæуккаг, зундгонд ахургæнæг Худæлти Æхсарбеги финст æмдзæвгитæй хецæн рæнгъитæ.*

***Валентин РАСПУТИН (1937-2015), финсæг: «Мах еудадзуг дзорæн культури туххæй. Ци уавæри æй е нуриккон Уæрæсей? Æрæги бакастæн Тихон Хренникови дзурдтæ, загъта сæ æ рамæлæтæй минкъий раздæр: «Культурæ нæййес – уæд паддзахадæ дæр нæййес. Культурæ ес – уæд паддзахадæ дæр ес». Хъæбæр раст загъта. Æнæ культурæй ци хузи гъомбæлгæнæн ес ирæзгæ фæлтæри?***



**КОЛИТИ Витали**

## ÆХСÆРИСÆР

*Æхсæрисæр, æдта, ци зæрддаг дæ,*
*Æвдадзау æй мæнæн Сæхолдон.*
*Æхсæрисæр, æдта ци ’бæлдтаг дæ,*
*Лæги хъаурæ дæуæй фæййистон.*

*Де стур фарнæй алкæд сæрустур дæн,*
*Фæццардтæн дæ нифсæй кæд æдзох,*
*Уæд дæубæл куд кæнон устур зæрдæ,*
*Уæд дæбæл куд исесон мæ къох.*

*Идард надбæл мæ тухсти, мæ зини,*
*Дæуæй фæуун æрмæст сомигъон,*
*Нæ мин ес æнæ дæуæй æзинæ,*
*Нæ мин ес æнæ дæуæй исон.*

*Сувæллонау дæубæл æрхъанбаст дæн,*
*Зæрдæй дæр, уодæй дæр, æз дæу дæн.*
*Кæд фæууй æфсæдæн мади уарзтæй,*
*Уæд мин ес дæуæй дæр æфсæдæн.*

*Иронхуати мæнæй некæд уисæ,*
*Дæ цæрайæй цардтæн, дæ кадæн.*
*Хуарз байрайæ мæ гъæу, Æхсæрисæр!*
*Æнæнез мин уотæ, мæ адæн!*



# ГЪÆУБÆСТÆ КАДÆ КÆНУЙ Æ ЦИТГИЙНÆГТÆН…

Алли гъæубæсти дæр рæстæгæй-рæстæгмæ цийнаг мадзæлттæ арæзт куд нæ цæуй. Фулдæр хæттити етæ фæуунцæ кæцидæр бийнонти хуарз хабæртти фæдбæл. Фал си фæууй уотæ дæр, æма мадзæлттæй кæцидæр исуй гъæубæстæн еумæйаг бæрæгбон. Уотæ адтæй æрæги, бæлвурддæрæй ба 30 июли Æхсæрисæри. Гъæуи цæргутæ, куд фæззæгъунцæ, æдцъелæ-æдмелæ бамбурд æнцæ сæ культури Хæдзари.

Бæрæгбон ба арæзт æрцудæй Æхсæрисæри ка фæццардæй, уоми ка ахур кодта, абони дæр æ бастдзийнадæ ка нæ ихалуй цæргути хæццæ, уæхæн дууæ лæгей кадæн. Етæ æнцæ: гъæууонхæдзарадон наукити доктор, профессор Цъуккити Геуæргий фурт Барис æма нæ республики зундгонд финсæг Колити Витали.



**Къари (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): КОЛИТИ Аслæмбег æма Витали, ДЗИДЗОЙТИ Тасолтан, ЕДЗАТИ Рустам æма ЦЪУККИТИ Барис.**

Гъæуи цæргути еумæйаг фæндæмæ гæсгæ сæ дууемæн дæр лæвæрд æрцудæй «Æхсæрисæри кадгин гражданини» нæмттæ. Зинвæндæгтæбæл рацудæнцæ царди сæ дууæ дæр седзæртæ уогæй. Фал кæд цийфæнди цæлхдортæ ислæууидæ сæ рази, уæддæр еци æдæрсгæй, нифсгунæй цудæнцæ сæ нисантæмæ.

Бæрæгбони райдайæни размæ мин бантæстæй Колити Виталий хæццæ радзубанди кæнун. Æма уотæ загъта:

– Кæсун ме ’мгъæуккæгтæмæ æма мæ зæрдæ æгæрон рохсдзийнадæй идзаг æй. Уæлдайдæр ба абони ами ке уинун цитгин хестæрти – ке ’хсæн ирæзтæн, ке фæрци фæххайгин дæн мæ цардвæндагбæл цæугæй мин хъæбæр ка фæййагъаз æй æма ма мин нерæнгæ дæр ка агъаз кæнуй, еци хуарздзийнæдтæй.

Берæ кадгин æма радгин адæмтæ цардæй алли рæстæгути аци гъæубæсти: Туйгъанти Майрæн – керменист-революционер, Темирати Тазе – адæмон ахургæнæг. Ленини ордени дууæ хатти кавалер, Болloти Полий – Цæгат Кавкази силгоймæгти ’хсæн фиццаг Социалистон Фæллойни Бæгъатæр. Дæс æма дууинсæйемæй ба адтæнцæ Устур Фидибæстон тугъди архайгутæ. Абони си уодæгас некебал æй, ци мæрдти æнцæ, уоми рохс дзенет сæ бадæн, фал сæ кадæ ба адæми зæрдити байзадæй устур дæнцæн.

Æхсæрисæри нур дæр еу æма дууæ нæййес, хестæрти рохс фарнæ идарддæр ка хæссуй, уæхæнттæ. Ес си дæсни дохтиртæ, ахургæнгутæ, гъæууон хæдзаради специалисттæ, спортсментæ æма æндæр аллихузон хуарз гъуддæгутæбæл хуæст адæмтæ.

Цъуккити Геуæргий фурт Бариси, республики гъæууонхæдзаради къабази хæццæ баст адæмæй ка нæ фæсмæруй, уæхæнттæ æстæнтæ ’нцæ. Тугъди уæззау æнзти рæстæги райзадæй седзæрæй Барис. Гъæуи скъола каст ку фæцæй, уæд æй хъæбæр фæндæ адтæй æ ахур райдарддæр кæнун, уæлдæр ахурадæ райсун, фал æ седзæргæс мадæ Раденкæмæ еци рæстæгути кæцæй хаудтæй æхцай къапекк, уæлдайдæр ба кустуæттæ кæми адтæй, уæхæн рауæнтæй идардгомау æвæрд гъæуи. Æма Барис (гъæуи æй фулдæр зонунцæ Аликкæй), косунмæ бацудæй, уæди рæстæги Елхъабанти ци хутæдарæн фермæ адтæй, уордæмæ хумæтæг косæгæй. Е ба адтæй Æхсæрисæрæй æртæ километри идарддæр Чикола ’рдæмæ. Æд сор, æд мет, аллибон дæр цудæй кустмæ æма æхецæн еуминкъий фæрæзнитæ бамбурд кодта æма æ бæлдæ исæнхæст æй. Гъæууонхæдзарадон институти фæсте каст фæцæй аспирантурæ æма косгæ байзадæй институтæн æхеми. 25 анземæй фулдæр фæккуста биотехнологи æма стандартизаций факультети деканæй. Ци дæсгай Кади гæгъæдитæй хуарзæнхæгонд æрцудæй, етæ дзорæг æнцæ æ уодуæлдай фæллойнæбæл. Æй нæ республики зундгонддæр ахургæндтæй еу. Хуарзæнхæгонд æрцудæй майдан «Иристони Намус»-æй, Хонсар Иристони уæлдæр хуæрзеуæгæй æма не ’нсувæрон республикити Кади грамотитæй. Ци сæдæгай студенттæ рарæствæндаг кодта сæ карни нæдтæбæл, етæ си абони дæр ма арфиаг æнцæ. Куд нæ гъæуама сæрустур уа уæхæн æмбæстагæй Æхсæрисæр!

Зундгонд поэт, тæлмацгæнæг, публицист, Уæрæсей финсгути æма журналистти Цæдести иуонг, дигорон литературон-аййевадон журнал «Ирæф»-и сæйраг редактори хуæдæййевæг Колити Витали, кæд игургæ Хъæрæсе-Черкесий ракодта, уæддæр æ райгурæн гъæубæл ба нимайуй Æхсæрисæр. Федар æма арф уедæгтæй баст æй, ци гъæуи исгъомбæл æй, æ фиццаг поэтикон фæлварæнтæ ци бæстихаййи ниффинста, уой хæццæ. Уой туххæй æхуæдæг æ еу æмдзæвги уотæ финста:

*…Де ’ной ниццайнæ цæрдинод,*
*Ду дæ мæ заргути къæсæр.*
*Ду дæ мæ цард æма мæ уод, -*
*Æхсæрисæр! Æхсæрисæр!..*

*… Ма кæми фæндуй ку цæрон,*
*Мæнæн не ’суодзæнæ æндæр.*
*Уодзæн ди алкæд сомигъон, -*
*Æхсæрисæр! Æхсæрисæр!..*

Колити Витали æхуæдæг уотæ зæгъуй:

– Мæ мадæ Анфисæ аст анзей дæргъи фæккуста Æхсæрисæри гъæусовети сæрдарæй. Æ рæстæги цæхгæрмæ гъæунгтæбæл æрцудæй конд сосе нæдтæ, уой агъоммæ ба сæбæл цъифæ рæстæгути машинттæ цæун дæр нæ фæразиунцæ. Мадта донгъæуагæ ци цæргутæ æййафиуонцæ, уонæн нæ мади доги фадуат фæцæй сæ хæдзæрттæмæ дæр дондзæуæн хæтæлтæбæл дон бауадзун. Нуртæккæ гъæуисæри ци парк ес, уæдта Фидибæстон тугъди ка фæммард æй, уонæн устур циртдзæвæн, етæ дæр конд æрцудæнцæ Анфиси фæрци. Силгоймаг уогæй, бантæстæй ин берæ арфиаг, гъæубæстæн уодæнцойнæ хæссæг гъуддæгутæ исаразун. Уæхæн хабæрттæ ба адæмæй некæд иронх кæнунцæ. Уарзтонцæ гъæубæстæ Анфиси, аргъ ин кодтонцæ, уомæн æма силгоймаг уогæй нæлгоймаги хъаурæ хаста. Уотæ дæр æнгъæл дæн, æма, нæ мадæмæ ци зæрдихатт дардтонцæ гъæубæстæ, уомæй æз дæр хайгин, æвæдзи, фæдтæн. Беретæ мæ хонгæ дæр фæккæнунцæ «Нæхе Витали!..» Ци ма уа уомæй устурдæр хуæрзеуæг?

Уæдта дæ цæмæй еске уарза, уой туххæй бал дæхуæдæг уарзунгъон уо, – еци гъуди некæддæр цох кæнуй мæ зæрдæй. Æхсæрисæр ба мæнæн алкæддæр адтæй ме ’скаст, æ цæргутæ ба – мæ зæрди цæгиндзитæ!

Бæрæгбон арæзт æрцудæй гъæуи бунæттон администраций сæргълæуууæг Дзидзойти Тасолтан æма скъолай ахургæнæг Дзоблати-Катаути Татьяни хъæппæресæй.

Дзоблати-Катаути Татьянæ лæмбунæг æрдзурдта, кадæгонд кæмæн цудæй, уонæй алке царди æма исфæлдистадон нæдти туххæй. Равдистонцæ гъæуи цæргути имисуйнæгтæ сæ дууей туххæй дæр, уæдта син Дзидзой-фурт кадгин уавæри равардта «Æхсæрисæри кадгин гражданин», зæгъгæ, нæмттæ син лæвæрд ке ’рцудæй, уой туххæй æвдесæндартæ.

Аци, æнæуойдæр цæмæдесаг мадзал, уæлдай хъæбæрдæр ба исфедаун кодта, гъæуи фæсевæд æма бунæттон скъолай ахурдзаутæ ке бацæттæ кодтонцæ æма равдистонцæ, еци зæрдæмæдзæугæ концерт.

Аци рауæн бунати уодзæнæй, хехъæппæресадон къуари архайгути нæмттæ зæрдæбæл æрлæуун кæнун. Етæ ’нцæ: Дашити Амир, Амур, Сæрмæт, Кирæ, Малхъарти Аминæ, София, Темурти Кристинæ, Настя, Хортити Давид, Едзати Рустам, Гогунити Хетæг, Викæ Васильева, Бетанти Арианæ, Малхъарти Фатимæ, Катеринæ, Малити Верæ, Надеждæ, Дзидзойти Эланæ, Арсæгти Аринæ, Гобати Мурат, Дзоблати Ибрагим, Малити Беллæ, Магомедти Сослан.

Дашити Маринæ æма Дзоблати-Катаути Татьянæ, Мæрзойти Альбинæ æма Гогунити Аленæ, культури хæдзари косæг Дзагурти Валя ба бацæттæ кодтонцæ цæмæдесаг цæстуингæ æрмæгутæ. Арфиаг уæнтæ!

Сæ арæхстдзийнадæ ахид ке февдесунцæ берæ рауæнти, уой туххæй ба нæ республики зундгонд æхсæнадон архайæг, историк, Хъарданти Тимур балæвар кодта скъоладзаутæн Кади грамотитæ æма киунугутæ. Зали игъустæнцæ Колити Виталий æмдзæвгитæбæл финст зартæ, аййевæй ин кастæнцæ е ’мдзæвгитæ. Бустæги зæрдæмæдзæугæ ба рауадæй Виталий цубур игъæлдзæг миниатюритæмæ гæсгæ арæзт инсценировкæ.

– Финсæгæн æ исфæлдистадæ дзилли зæрдитæмæ ку гъара, уæд ибæл еци гъуддаг разæнгарди базуртæ садзуй, – зæгъуй Витали. – Устур боз си дæн, уоййасæ устур æууæнкæ мæмæ ке равдистонцæ мæ гъæубæстæ, уомæй. Мæнæн мæ рист дæр æма мæ цийнæ дæр еу æй мæ зæрддагон адæми хæццæ. Уæлдай арфиаг ба дæн Дзидзойти Тасолтан æма Дзоблати-Катаути Татьянæй, гъæубæсти цæргутæй, кæстæртæй…

Арфæ дин кæнæн, Витали, мах дæр!

***МÆРЗОЙТИ Заирæ***

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Цæгат Иристони адæмон финсæг Хъайтухъти Беслæни фурт Азæмæти райгурдбæл 6 августи æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1923-2016).**

# КÆД БАЗОНДЗИНАН ЦАРДИ БÆНТТÆН АРГЪ?..

**Цæгат Иристони адæмон поэт Ходи Камал е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ багузавæ кодта:**

*Кæд базондзыстæм царды бонтæн аргъ?*
*Адзал-хъызт зымæг! – къæсæргæрон ниуы...*
*Нæхи йеддæмæ никæй хъæуæм мах,*
*Нæхæдæг та нæ ауæрдæм нæхиуыл...*

**Æма æцæгæйдæр æгæр æбæрнонæй харз кæнæн нæ уæлзæнхон царди бæнттæ, ци нин ахсгиагдæр æма табуйагдæр æй, уой ахид кенæ нæ фæллæдæрæн, кенæ ба нæ лæдæрун фæндгæ дæр нæ фæккæнуй. Уой фæдбæл нæ рагфидтæлтæй дæр берæ аллихузон таурæхътæ байзадæй. Абони си мухур кæнæн кæцидæртæ.**

## ФОНДЗ ЛÆВАРИ

I

Æригон уод æ царди надбæл куддæр æрлæудтæй, уотæ имæ æртахтæй фæлмæнзæрдæ изæд. Æ къохи адтæй минкъий лагъз.

– Мæнæ дин мæ лæвæрттæ, – загъта изæд. – Еу си райсæ, иннети ба уадзæ. Фал равзаруни размæ хуарз рагъуди кæнæ, цæмæй ма фæррæдуйай, уомæн æма си ахсгиаг айдагъдæр еу лæвар æй.

Лæвæрттæ адтæнцæ фондз: Кадæ, Уарзондзийнадæ, Есбон, Æхцæуæндзийнадæ, Мæлæт. Биццеу сагъæс дæр нæ ракодта, утемæй æвеппайди исдзурдта:

– Æма ами гъудикæнуйнагæй ци ес?

Æма равзурста Æхцæуæндзийнадæ. Еци лæвари хæццæ рандæй æма, алли адæймаг дæр æригонæй куд фæккæнуй, уотæ æ мондæгтæ иста, æ зæрди дзæбæхæн æрвиста æ бæнттæ, цæветтонгæ, æ цардæй хъуæлти гъазта. Фал æ цийнæ берæ нæ рахаста, тухсун райдæдта, балæдæрдтæй, æ миутæ æнæрцæф ке 'нцæ, цард си æхуæдæг гъазуй, тикис мистæй куд гъаза, уотæ. Фæсмон имæ 'рцудæй æма æхецæн загъта:

– Мæ бæнттæ дони къоси исæфт фæккодтон. Фал ма мин, ехх, нæуæгæй равзаруни барæ ку уайдæ, уæд зундиндæр разиннинæ, бæргæ.

II

Уæдта бабæй имæ изæд нæуæгæй æртахтæй æма уотæ:

– Аци лагъзи ма цуппар лæвари байзадæй. Равзарæ бабæй нæуæгæй, фал дæ зæрдæбæл дарæ – гъо, ма феронх кæнæ! – рæстæг тагъд тæхуй, лæвæрттæй ба айдагъдæр еу æй ахсгиаг.

Лæг берæ фæррагъуди-багъуди кодта, уæдта равзурста Уарзондзийнадæ. Гъе, фал фæлмæнзæрдæ изæди цæститæ дони ке разилдæнцæ, уой не 'рæстæфтæй.

Берæ-берæ æнзти фæсте ба æ ревæд хæдзари еунæгæй марди кири размæ бадтæй æма бабæй æхецæн дзурдта:

– Еу инней фæдбæл цудæнцæ мæ разæй; нур мæнæ кири хуссуй мæ фæстаг, мæ ахсгиагдæр уарзондзийнадæ дæр. Еу бæлах инней æййафта; аци мæнгард, фудзæрдæ Уарзондзийнадæ мин амонди еунæг сахат рауæйæ кодта, æз ба ин фистон маст æма фудæнхи мингай сахæттæй. Мæ фудæлгъист æ фæдбæл æфтуд фæууæд!

III

– Еу хатт ма равзарæ! – нæуæгæй бабæй загъта изæд. – Æнзтæ дин дæ сæри гъæуама зунд бауагътайуонцæ. Æртæ лæвари ма мæнмæ байзадæй, фал си айдагъдæр еу æй аккаг, уой дæ зæрдæбæл дарæ æма бабæй ма фæррæдуйæ.

Гъудити ранигъулдæй лæг, уæдта фæстагмæ равзурста Кадæ. Изæд ба арф ниуулæфтæй æма фæттахтæй.

Дзæвгарæ æнзтæ рацудæй, æма бабæй нæуæгæй фæззиндтæй æма æрлæудтæй, изæрмелти еунæгæй ка бадтæй æма сагъæсти уæзæй ка ниггубур æй, еци лæги фæсте. Æ сагъæстæ цæбæл адтæнцæ, уой изæд хуарз лæдæрдтæй.

«Мæ ном дун-дуйнетæбæл райгъустæй, адæм мæн стаунæй уæлдай неци кустонцæ, æма мæмæ уотæ фæккастæй, цума е хъæбæр хуарз æй. Фал, æдта, ци цубур адтæй еци догæ! Уалинмæ фæзнебæл хæзнай муггагæй цидæриддæр ес – мæ къохи уодзæнæнцæ, цийнæй, хуарзæнхæй, уоди æма бауæри фæндуйæгтæй мæ мондæгтæ уадздзæнæн. Æлхæдзæнæн намус, кадæ, стауæнтæ-æппæлæнтæ. Цæветтонгæ, царди æмæнтъери базари мæхецæн пайдайагæй ци уинон, етæ еугурæйдæр мæ къохи æфтуйдзæнæнцæ. Мæ размæ исæвæрдзæнæн ихæс: æлхæнгæ, æлхæнгæ æма æлхæнгæ! Берæ бæнттæ-æнзтæ фесафтон дзæгъæли, æцæг лæвар равзарун ке нæ базудтон, уой фудæй, фал еци догæ райевгъудæй. Сайд мæбæл нæбал æрцæуздзæнæй, раздæри хузæн æнæфæуyинд нæбал дæн...

Æртæ анзи æртæ боней хузæн ратахтæнцæ. Æма нур мæнæ лæг æ мæгур къæси, уазалæй гæв-гæвгæнгæ, бадуй, цæсгон – æнцъулдтæ, хузи цъиртт си нæбал ес, ростæ бахаудтæнцæ, цæститæ – еу минкъий ма æрттевунцæ. Бауæр – бугъзурти тухт. Бадуй лæг, сор къæбæр æхсинуй æма æ дæгъал-дугъул игъусуй:

– Бæстæбæл хуарзæнхи муггагæй цидæриддæр ес – сугъд иссæуæд сæ



зиндтæй хицæ, уой хуæдфæсте ба – фудгойтæ, хахуртæ, æнæуинондзийнадæ, уæдта – æфхуæрдтитæ, гириз, судзийни рæхусти хузæн, æхсилкъæ дзурдтæ. Фæстагмæ фæззиндтæй тæрегъæд, тæрегъæд ба кадæн ингæн æй. О, куд тæрегъæддаг æй номдзуди хъисмæт! Кади цъопбæл бадгæй ибæл хахуртæ цъифæуарæгау фæккæнунцæ, цъоппæй ку рахауй, уæдта 'й билæскъелтæ æма тæрегъæди азар басодзуй».

IV

– Ци киндæуа, равзарæ ма еу хатт, – райгъустæй изæди гъæлæс. – Дууæ лæвари ма мæмæ байзадæй. Дæхемæ игъосунбæл ци фæдтæ? Лæвæрттæй райдайæни дæр айдагъдæр еу адтæй ахсгиаг. Æма ма е нерæнгæ ами æй.

– Есбон, – загъта лæг. – Есбон ку уа, уæд паддзахи бунат дæр дæу уодзæнæй! Мæ сæрæн ци загъдæуа – абони уæнгæ, хъæрæу адтæн! Нур мæмæ амонд æ медбилти бахудтæй, царди сойнæ донау ниуаздзæнæн, ме 'хцатæ ци фæккæнон, уой нæбал зондзæнæн, сæ сугъзæринтти æрттивдæй адæми цæститæ тартæ кæндзæнæнцæ. Е 'нæуинон кæмæн адтæн, ка мæбæл худтæй, етæ цъифизолкъити хузæн мæ рази хелдзæнæнцæ, æз ба сæмæ сæрæй бунмæ кæсдзæнæн, æма ме 'стонг зæрдæ сæ нецæййагдзийнадæмæ кæсунæй бафсæддзæнæй. Дуйеугуребæл дæр, уомæн æма сугъзæрийнæдони тулд мæнгæттæ-сайæнтæ 'нцæ, адæймагæй гъазæнгъолæ исаразунцæ. Алкæмæн дæр си æ ном мæнгæ 'й. Уæдта син лæвæрттæ исхонæн дæр нæййес – айдагъдæр рæстæгмæ, хе рахъæл кæнунæн æнцæ. Уарзондзийнадæ, Æхцæуæндзийнадæ, Кадæ, Есбон – етæ царди æцæгтæн уæлæфтауæн, дарæси хузæн æнцæ. Царди ба Маст, Рист, Ходуйнаг æма Мæгурдзийнадæй æцæгдæр неци ес. Изæд мин раст дзурдта: еугур лæвæрттæй айдагъдæр еу адтæй ахсгиаг, нецæййаг кæмæй нæ зæгъдзæнæн, уæхæн. Гъо, нерæнгæ нур балæдæрдтæн, иннетæ бустæги нецитæ æма мацитæ ке адтæнцæ, уой. Амæн ба аргъ нæййес, еугуремæй фæрнугдæр, хæларзæрдæдæр, арфиагдæр, табуйагдæр æй. Е нæ рахонуй, фунтæ кæми нæййес, уæхæн æносон дуйнемæ, нæ зунд, нæ уод, нæ бауæр нин гъезæмарæй ка фæммаруй, еци уотæхсæнтæй, ристæй, мастæй, ходуйнагæй нæ ка багъæуай кæнуй. Корун ди, ковун дæмæ: раттæ мин æй! Бафæллад дæн, мæ фæллад исуадзун мæ фæндуй.

V

Изæд æрбатахтæй æма бабæй æ хæццæ æрбахаста цуппар лæвари, фал се 'хсæн Мæлæт нæ разиндтæй. Æма изæд загъта:

– Еци лæвар æз дзедзедай сабийæн равардтон, мади минкъий хорæн. Е нецима лæдæрдтæй æма лæвар ракæнун мæнбæл бауундтæй. Ду ба, ци дæ гъудæй, уой дæхуæдæг æвзурстай.

– Гъо, ци æнамонд дæн, ци æнамонд! Мадта ма мин нур а дуйнебæл ци байзадæй?

– Сауæнгæ цифуддæр знагæн дæр зæрдæ ке нæ зæгъдзæнæй, е – Зæрондибонтæ!

## ЛÆГ ÆМА УОДЕСÆГ

Цардæнцæ мæгур лæг æма уосæ. Лæг косгæ берæ кодта, фал сæ цард нæ цудæй. Æ кусти бæркад нæ адтæй. Фонс ба син æгириддæр нæ рæстмæ кодта. Уæд еу бон лæг исфæндæ кодта ескæцирдæмæ кустагор фæццæун. Цæйбæрцæ рацудæй, ка 'й зонуй, фал еу рауæн æ фæллад уадзунвæндæ искодта. Еу бæласи буни ауууни æрбадтæй, исиста æ хурдзинæй цихт æма кæрдзин, искувта Хуцаумæ:

– О, хуцæутти Хуцау, хуæздæр арфæ кæмæн ракодтай, мæн дæр уой æмбал фæккæнæ.

Куддæр кæрдзин æма цихт æрсаста, уотæ ибæл исцурæвæрæ 'й еу бæхгин. Мæгур лæг фусун загъта бæхгинæн. Бæхгин фæрсуй мæгур лæги:

– Ка дæ, кæцæй цæуис?

Лæг ракодта æ царди хабæрттæ. Уæд ин бæхгин уотæ зæгъуй:

– Æз дæн уодесæг, кæд мæмæ игъосис, уæд мæ хæццæ цæуæн. Ду дæхе дохтир искæндзæнæ. Сæйги размæ ку бацæуæн, уæд кæсæ, æма сæйгæн æ къæхти 'рдигæй ку 'рлæууон, уæд зонæ, сæйгæн неци уодзæнæй, æма дæхе дзæбæхгæнæг искæнæ. Кæд æма сæйгæн æрлæууон æ сæр æрдигæй, уæд зонæ, аци сæйгæ нæбал фæййервæздзæнæй. Æма зæгъæ, аци сæйгæн мæнмæ хуасæ нæййес, зæгъгæ.

Мæгур лæг исарази æй. Лæг аллихузон кæрдæгутæ æрæмбурд кодта, иссор сæ кодта æма зелун райдæдтонцæ алли гъæутæ æма сахартæбæл. Уодесæг ин куд байамудта, уотæ адæми дзæбæх кодта. Лæги кой райгъустæй идæрддæбæл. Сæйгæ ку исдзæбæх уидæ, уæд æй лæвæртти буни фæккæнидæ. Мæгур лæги бийнонтæ анзи бонмæ, мæгурдзийнадæ ци 'й, уой нæбал зудтонцæ. Сæ есбойнадæн кæрон нæбал адтæй.

Æнзтæ æнзти æййивтонцæ, утемæй мæгур лæг æхуæдæг дæр базæронд æй, хуссæнмæ æрхаудтæй. Еу бон ин æхемæ дæр фæззиндтæй уодесæг:

– Дæ бон хуарз, мæ хуарз лимæн, – æрбадтæй æ сæр æрдигæй.

Лæг уой ку фæууидта, уæд æ базмæ фæллæбурдта, фестадæй æма 'й къæхти 'рдигæй райвардта, утемæй ибæл æ сæр æруагъта. Уодесæг бахудтæй æма сабургай æхе ецирдæмæ байста. Лæг бабæй нæуæгæй баз фелваста, иннердæмæ бабæй æй райвардта. Уодесæг дæр бабæй æ фæсте. Уотæ фæккатай кодта еуцæйбæрцæдæр рæстæг. Уодесæг ин фæттæрегъæд кодта æма ин загъта:

– Хуарз мадта, мæ хуарз лимæн, цæрæ, цалинмæ зæнхæбæл цæрæг уа, уæдмæ, – æма æхуæдæг ба рандæй.

Лæг цæрунтæ байдæдта. Батадæй, нимминкъий æй. Уотæ батадæй, æма ма айки хъозгъи бунат ахæста кæмидæр зæнхæбæл. Уодесæгæй ма адзал коруй. «Адзал, адзал, адзал» кæнуй, фал имæ уодесæг хæстæг нæбал цæуй. Уодесæг дæр æ загъдæн хецау æй.

Фондз æма авдинсæй анзей размæ (1878 анзи 8 августи император Александр II Ирон дивизионæн исаккаг кодта, «За отличие в Турецкую войну 1877-1878 годов», зæгъгæ, финсти хæццæ Геуæргий туруса.

*Номдзуд Насреддин ци биндзитæ рамардта, уони тухххæй æ уосæн загъта: «Дууæ си силгоймæгтæ адтæнцæ, дууæ ба – нæлгоймæгтæ...» Уосæ бадес кодта, цæмæй, дан, сæ базудтай ка си ка ’й, уой. Æма ин дзуапп равардта: «Дууæ си айдæнæбæл бадтæнцæ...»*



# УОДÆЙ ФЕДАР АДÆЙМАГÆН ФЕСÆФÆН НÆЙЙЕС!..

***Цардиуагæ еугур рæстæгути кæд цийфæнди хецæнхузтæ фæууй, уæддæр си разиннуй цидæр æмхузондзийнадæ. Адæймаг си равзуруй уæхæн уавæрти æма фæууй зæрдæскъуд. Уой ни, æвæдзи, алкедæр æхебæл бавзаруй рæстæгæй-рæстæгмæ. Æма ни алкедæр æхе фæйнæхузи фæддаруй: еуети бон исуй федарзæрдæй архайун еци фудимелæй фæййервæзунбæл, иннетæ ба ухери кæндзæнæнцæ. Мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæбæл дзуæппитæ ратгæй, лæдæрд уин уодзæнæй, цæйбæрцæбæл арæхсетæ, лæгæвзарæнти бахаугæй лæгдухæ бавдесунмæ.***

**1** **Комкоммæ де ’рдæмæ уайгæ куй ку рауинай, уæд...**

а) фæкъкъех уогæй, сахæй байзайдзæнæ – 1
б) дæ цæуни кой кæндзæнæ, куймæ лæмбунæг кæсгæй – 2
в) куй гъуди дæр не ’ркæнгæй, идарддæр дæ цæуни кой кæндзæнæ – 3

**2** **Устур тукани угæй, æнай-æнойти райгъустай, цæмæй уайсахат азгъунстæй фендæуайтæ. Ци ракæндзæнæ?**

а) уавæр æнхæст нæ равзаргæй фесхуайдзæнæ азгъунстæй рацæунмæ – 1
б) сабургай, æнæтæрсгæй байархайдзæнæ азгъунстæй рацæунбæл – 2
в) бавзардзæнæ, ци ’рцудæй, уой базонун, уой фæсте ба ести хузи архайун райдайдзæнæ – 3

**3** **Телефонæй кедæр хæццæ дзоргæй уæмæ хъаугъа рауадæй. Æма уомæ гæсгæ ба:**

а) уоййадæбæл æмхецдзийнадæн ракæрон кæндзæнæ – 2
б) бавзардзæнæ уæ еци хъаугъа фенод кæнун – 3
а) уæ дзубанди нæ фæууогæй, трубкæ ниггæлдздзæнæ – 1

**4** **Æнæнгъæлти райстай финстæг дæ хеуæнттæй. Ци ракæндзæнæ?**

а) æхцæуæн хабæрттæ си æнгъæл уогæй, уайсахат æй фегон кæндзæнæн – 3
б) мæстаг хабæрттæ си æнгъæл угæй, рæстæгмæ бал æй еуварс æрæвæрдзæнæн – 1
в) Циуавæр хабæрттæ си ес, уобæл сагъæс дæр нæ ракæнгæй, бакæсдзæнæн æй – 2

**5** **Хъæбæр ахсгиаг дин ка ’й, уæхæн фембæлдмæ æрæги кæнгæй, бахаудтæ хуæдтолгити къæрмæги. Куд дардзæнæ дæхе?**

а) мæстгун кæндзæнæ æма тингунæй гъаст кæндзæнæ нæдтæ хуæдтолгитæй фуридзаг ке ’нцæ, уомæй – 1
б) дæхе æнцад дардзæнæ, уомæн æма, цийфæнди ку фæккæнай, уæддæр дæбæл базуртæ нæ разайдзæнæй – 3
в) Дæхецæн уайдзæфтæ кæндзæнæ, уæддæр еу сахат раздæр ке нæ ранæхстæр дæ – 2

**6** **Фæндаггон-транспортон цауæн æвдесæн исуогæй, ду:**

а) фæййагъаз кæндзæнæ, бæлахи ка бахаудтæй, уонæн – 3
б) æнцад лæудзæнæ æма уотид кæсдзæнæ – 2
в) ци ’рцудæй, уомæй фæттæрсгæй фæддунд уодзæнæ, цау кæми ’рцудæй, уордигæй – 1

**7** **Азари тухххæй циуавæр уадзæндзурди хæццæ арази дæ?**

а) «Азар ка нæ зонуй, е æнæхайгонд æй уобæл фæууæлахези æхцæуæндзийнадæ райсунæй...» – 2
б) «Азар бедуйгæй ка архайуй, етæ уæлдай сæрхизтдæр фæуунцæ...» – 1
в) «Еунæг æрхун дæр, æ тухххæй азари хузæн агъазиау нæ фæууй...» – 1

**8** **Нæуæг кусти рауæнмæ рацæугæй:**

а) хъæбæр мæтæ кæнис – 1
б) кæд еуцæйбæрцæддæр дæ меднимæр тухсис, уæддæр еци уавæри уоййасæбæл уадессагæй неци ес – 2
в) мæхе хатун æнæгузавæй – 3

## НУР БА БАНИМАЙÆН БАЛЛТÆ ÆМА ИСКÆНÆН ХАТДЗÆГТÆ

**8-13 балли.** Æгæр тæлтæг адæймаг дæ, æма зæрдæскъуддзийнадæ дæ царди æгæр ахид иуазæг æй. Еугур ахсгиаг унаффитæ дæр рахæссис, дæ уод æ кеми ку фæууй, уæд. Ци гæнæн æма амал уа, уомæй архайæ цийфæнди буцæуттæй дæр хе еуварс дарун, æнæргъудийæй цидæр дузæрдуггаг гъуддæгути бацæунæй – цæмæй дин исонибони маци исуа фæсмойнаг.

**14-19 балли.** Уоййасæбæл ахид нæ архайис циргъ тегъæбæл цъерф кæнунбæл, фал къурцдзæвæн уавæрти ба дæ уодигъæди медæгæ дæмæ разиннуй уæхæн равгитæ, кæцити фæрци дæ бон исуй зæрдискъуди нихмæ федарæй фæллæуун, тухстдзийнæдтæй райервæзун. Дæ зæрдæбæл дарæ уæхæн загъд: «Зундгин адæймаг зонуй, зиндзийнæдтæбæл кутемæй фæууæлахез уæн ес, фастихадзи ба – кутемæй си ес багъæуай кæнун...»

**20-24 балли.** Хъæбæр сæрбонзонгæ адæймаг дæ – нури цардарæзти е уæлдай æстæн æй. Зæрдмарæн хузи ахид нæ фæууис, мæстаг уавæри ку бахаусис, уæд фæййархайис хебæлхуæцгæй æма хелæдæргæй.

***Кæронбæттæни ба ма уин фæдзæхсти хузи æримисдзинан номдзуд урусаг финсæг Михаил Пришвини загъд: «Ку дæ бафхуæрдæуа, уæд дæ нифс ма расæттæд: ес еу ахсгиаг мадзал – архайгæ кæнæ!.. Гъæуама дæ еугур хъауритæ дæр исаразай де ’сфæлдистадон цирагъ багъæуай кæнунмæ. Еци цирагъи хæццæ поэт рацæуй уæлахезонæй. Ихалæн тухтæн сæ архайд банидæн уй, цард ба аразуни надбæл æрлæууй...»***

***Аци загъд бадаретæ уæ зæрдæбæл, æримисиайтæ ’й тухст уавæри бахаугæй, æма уин гъæуама агъазгæнæг фæууа...***

ЗОНУЙНАГ...




## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Уæрæсей императори цæрæнбунати адтæй, рекетмейстер, зæгъгæ, кустгæнæг. Æма циуавæр адтæнцæ æ ихæстæ:**

**а)** Кастæй, сæнтæ кæми дардтонцæ, еци уæрмитæмæ. **б)** Дзуапп лæвардта фейерверктæ аразунбæл. **в)** Императори номбæл ци курдиæдтæ æрбацæуидæ, уони тухххæй игъосун кæнун.

**2. Циуавæр адтæй æ дæсниадæ Леонид Солодковæн – фæстагдæр ма еци адæймагæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном?**

**а)** Дæлдондзæуæг **б)** Танкист **в)** Тæхæг.

**3. Хуари культуритæй кæций нимайунцæ дуйней тæккæ тилæггондæрбæл?**

**а)** Нартихуар **б)** Мæнæуæ **в)** Цъой.

**4. Æвддæсæймаг æноси уæззау æма æнарæхст дзармадзантæ фæссæхст цæй фæрци уазал кæниуонцæ, цæмæй си топпихуасæ ниггæнæн бабæй адтайдæ нæуæг фехстæн?**

**а)** Сæни **б)** Зети **в)** Дзумари.

**5. Аци анз Австралий Игон чемпионат ка рамулдта, еци теннисисткæ Аринæ Соболенко си циуавæр бæсти номæй архайдта?**

**а)** Казахстан **б)** Беларуси **в)** Киргизи.

**6. Зундгонд финсæг Астрид Линдгрени хъæйтартæй кæцимæн æнæбари цæугæ рауадæй æрвонгти Æхсæнади æмбурдмæ æма ин си соми кæнгæ рауадæй, карз ниуæзтæй хупп дæр ке нæбал искæндзæнæй, уой тухххæй?**

**а)** Расмус-хаулли **б)** Кале Блюмквист **в)** Эмиль Леннеберг.

**7. Ирон фингутæй уотæ ка загъта: «Зæрдæ зунди нæ фæрсуй...»**

**а)** Хъороти Дауит **б)** Коцойти Арсен **в)** Нигер.

**8. Кæд исцæттæ ’й Алагири æфсæйнаг над æма си кæд пайда кæнун райдæдтонцæ.**

**а)** 1920 анзи **б)** 1923 анзи **в)** 1925 анзи.

**9. Республикæ Цæгат Ирристон-Аланий туруса æрæги федаргонд æрцудæй нæ планети тæккæ уæлиаудæр бæрзонди сæрбæл. Ци хуннуй?**

**а)** Эверест **б)** Чогори **в)** Канченджанга.

* * *

**Раст дзуæппитæ нæ газети 28-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Мирный. **2.** Пиастритæ. **3.** Тепæ. **4.** Устурæй финст дамугъатæ. **5.** 55. **6.** Шампайнаг. **7.** Сауфагæй. **8.** Гурджибети Блашка. **9.** 1925 анзи.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1697.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 04.08.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 04.08.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**